



Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN 4YÈM FAZ KONPETISYON AKSELERATÈ LUMINATE NY LA

Yo te bay Lidrotec 1 milyon dola investisman; Kat lòt konpayi sekirize investisman pou finansman k ap vini

N ap resevwa aplikasyon aktyalman pou 6yèm faz konkou optik, fotonik ak imajri a jiska 9 janvyè 2023

Investisman Eta New York la ap Konplemanje Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Foto gayan Luminare NY la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Lidrotec se gayan 5yèm Faz konpetisyon akseleratè antrepriz k ap demare nan domèn optik, fotonik ak imajri Luminare NY la. Lidrotec ki baze nan Bochum, an Almay, te resevwa prim "Konpayi pou Ane a" nan Luminare Finals 2022 a, ki te fèt an dirèk pandan konferans Optica's Frontiers in Optics + Laser Science nan Rochester. Konpayi an pral resevwa 1 milyon dola kòm investisman nan men Eta New York gras a [Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò \(Upstate Revitalization Initiative, URI\) Finger Lakes Forward](#) la. Jan prim lan egzije l la, tout gayan konpetisyon an ap angaje pou etabli operasyon yo na rejyon an pandan omwen 18 pwochen mwa yo. Atravè Luminare NY, yo te entwodui Lidrotec nan AIM Photonics. Kolaborasyon sa a ap ede Lidrotec bati enfrastruktir pou devlope pwochen iterasyon teknoloji li yo ak egzekite plan li yo pou etabli operasyon Etazini yo. Luminare NY, ke NextCorps administre, se pi gwo akseleratè biznis pou konpayi k ap emèje ki genyen teknoloji optik, fotonik, ak imajri. Evènman final la make finisman senkyèm ane pwogram ki baze sou kòwòt la. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Hochul te enkli finansman pou Luminare NY nan bidjè Nouvo Eta a pou kat lòt ane youn apre lòt.

"New York nan pwent rechèch teknolojik, pandan n ap kontinye akeyi gwo talan ak opòtinite isit la atravè konpetisyon Luminare NY nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap ajoute yon lòt chapit nan istwa san parèy nan Rejyon Finger Lakes la nan imajri ak optik lè nou pote konpayi ki pi pwomèt yo isit la pou akselere komèsyalizasyon

teknoloji inogirasyon yo. Gayan jodi a yo pral kapab pwofite chèn apwovizyònman optik, fotonik ak imajri ki pi solid, sofistike ak trè entegre nan peyi a ki egziste isit la pou ogmante biznis yo, sa k ap mennen nan kwasans pa yo ansanm ak ekonomi Eta New York la."

Teknoloji lazè pou dekoupaj plakèt k ap tann patant Lidrotec la pou endistri semi-kondiktè a pèmèt koupaj ki pi mens ak yon to domaj ki nòmalman 0%, sa k ap pèmèt yo fè yon ekonomi ki enpòtan ak yon ogmantasyon pwodikтивite. Inovasyon li se nan itilizasyon efikas likid nan zòn tretman ak lazè a, ki refwadi ak rene palkèt yo pandan lazè a ap koupe pis yo. Avantaj li bay yo gen ladan koupaj ki pi mens ak pi gwo presizyon, pa gen okenn domaj sou materyèl la, sifas pwòp san debri, ak pi gwo vitès pwodiksyon—tout san yo pa bezwen adapte pwosesis pwodiksyon an.

PDG Lidrotec la, Alexander Igelmann, te deklare, "Luminate te ban nou yon nouvo rezo nan Etazini, ansanm ak kontak founisè ak kliyan yo. Koneksyon enpòtan sa yo pral ede nou satisfè etap enpòtan devlopman nou yo pandan de pwochen ane yo, ki gen ladan validasyon mache pou nouvo teknoloji lazè nou an."

Yo te bay Custom Surgical ki baze nan Minik, Almay, Pri Diplome Eksepsyonèl (Outstanding Graduate) la ak investisman 500,000 dola suivi. Yo te resevwa tou \$10,000 dola Chwa Odyans lan. Konpayi an ap modènize operasyon lè li bay yon fason efikas pou anrejistre, estoke, ak pataje imaj medikal yo ak ogmante yo pou fè dyagnostik ak trete pasyan yo. Alerty ki soti nan Melbourne, FL te garanti pri Diplome Eksepsyonèl la ak 250,000 dola pou teknoloji li yo, ki bay moun ki dyabetik ak 2 milya moun ki pre-dyabetik nan mond lan yon fason pou kontwole nivo glikoz (sik) nan san yo sou demann.

Te gen yon egalite pou Reyalizasyon Onorab (Onorab Achievement), ak MEETOPTICS ki soti nan Baselòn an Espay ak SCOUT ki nan Alexandria, VA, yo chak resevwa 125,000 dola. MEETOPTICS ap konstwi yon platfòm ki baze sou entelijans atifisyèl (AI) ki ede enjenyè ak chèchè yo nan endistri optik ak fotonik rapidman jwenn aksè ak konpare pwodwi ak teknoloji ki soti nan manifakti yo fè konfyans sou entènèt. SCOUT ap bay altènativ nan paradigme deteksyon terès la ak sistèm imaj sou òbit ak lojisyèl otonomi pou deteksyon otomatik, swivi, ak karakterizasyon objè espas ak debri òbital yo.

Yo te prezante investisman jodi a yo apre yon panèl jij ki fè pati endistri optik, fotonik ak imajri (optics, photonics, and imaging, OPI) a ak kominote kapital-risk la te bay konpayi k ap patisipe yo nòt ki baze sou prezantasyon biznis yo, ak dilijans ki fèt pandan pwogram akseleratè sis mwa a.

Depi kreyasyon li, Luminate NY te envesti 15 milyon dola nan 54 jèn konpayi. Konpayi yo nan pòtfèy la pataje kounye a yon valè nèt ki se plis pase 400 milyon dola. Anplis sa bay yon retou sou investiman ki estime a 1.5 a 2 fwa, anpil konpayi ap etabli operasyon oswa kèk aspè nan rechèch ak fabrikasyon Ameriken yo nan rejyon Rochester, ki te abouti sou 150 djòb (100 tan konplè ak 20 pozisyon sou kontra), avèk yon lòt 120 ke yo

pwojte nan pa lontan nan de konpayi. Gayan ane pase a, PreAct Technologies, te angaje pou etabli fabrikasyon pilòt, wot teknoloji li a nan Rochester, ke yo te prevwa ki t ap kreye 60 djòb.

Direktè Jeneral Luminare NY la, Sujatha Ramanujan, te deklare, "Akseleratè sa a ap bay sipò enpòtan ke konpayi premye etap yo bezwen pou pote teknoloji yo sou mache epi elaji biznis yo nan mache Etazini an ak mache mondyal la. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou kontinyasyon pwogram nan."

Akseleratè Luminare NY la baze nan Rochester epi chwazi dis konpayi pwometè chak ane pou patisipe nan pwogram sis mwa li a. Pandan moman sa a, konpayi yo bay fòmasyon konplè ak resous pou fè avanse teknoloji ak biznis yo. N ap aksepte aktyèlman aplikasyon pou 6yèm Faz la rive 9 janvyè 2023. Ekip yo ki kapab sitiye fizikman nan Rochester pandan pwogram sis mwa a pral resevwa finansman 100,000 dola lè pwogram lan kòmanse nan mwa avril 2023. Ekip yo ki pa kapab vini nan Rochester akòz restriksyon pou vwayaje ak Visa pral resevwa finansman 50,000 dola lè pwogram lan kòmanse ak 50,000 dola anplis ki dwe itilize pou mobilize resous nan rejyon Finger Lakes yo pandan moman yo nan akseleratè a.

Rejyon Finger Lakes la se lakay yon ekosistèm antreprenè ki ekstrèmman rich ki ap panse pou pi devan ki ap chèche devlope biznis pa yo. Rochester ofri etablisman Tès, Asanblaj ak Anbalaj pou American Institute for Manufacturing Integrated Photonics nan Eastman Business Park, University of Rochester's Institute of Optics, Rochester Institute of Technology, ak plis pase 150 konpayi OPI lokal ki anplwaye plis pase 17,000 anplwaye.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Konkou Luminare NY la konsantre sou akselere inovasyon ak envestisman nan endistri optik, fotonik ak imajri New York la ki renome nan mond lan ki te etabli Finger Lakes davantaj kòm yon sant OPI. Felisitasyon pou tout finalis yo, ak an patikilye gayan 5yèm Faz la Lidrotec, ki gen teknoloji ki konplete fòs New York nan fabrikasyon semi-kondiktè. Nou ap tann kwasans ak enpak konpayi sa yo ki ap panse pou pi devan pral pote nan rejyon an."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Luminare NY kontinye pote bon jan kalite djòb nan rejyon Greater Rochester nou an atravè konpetisyon akseleratè yo, epi gayan faz sa a yo pa yon eksepsyon. Mwen rekonesan pou pwogrè nan teknoloji, sante, byennèt, ak dekouvèt syantifik ke konpayi sa yo pral ogmante nan zòn nou an. Mèsi Gouvènè Hochul, Finger Lakes Forward, ak Empire State Development pou sipò yo nan inisyativ sa yo."

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Pwogram Akseleratè Luminare NY la atire demaraj teknoloji limyè ki pi kreyatif ak dinamik atravè lemond lan. Gayan konpetisyon sa a pral avanse endistri optik, fotonik ak imajri nou an atravè Eta New York. Felisitasyon pou ekip Lidrotec la! Nou kontan wè ou grandi konpayi ou an isit la nan rejyon Finger Lakes. Enjenyeri ak kapasite envansyon Lidrotec pral kontinye pote

opòtinite travay ak investisman nan zòn nou an. Nou dwe satisfè vizyon yo ak siksè yo ak pwogram devlopman mendèv ekitab ki non sèlman sipòte endistri k ap emèje epi k ap grandi yo, men tou ki ofri chemen karyè pou tout manm yo nan kominote nou an."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare, "Felisitasyon pou Lidrotec ak tout ganyan pwogram Luminare NY la - ki kontinye enspire inovatè yo ak relanse biznis demen yo atravè rejyon Greater Rochester a. "Mesi Gouvènè Hochul ak Luminare NY paske nou kontinye ankouraje kwasans ekonomik nan kominote nou an - sa k ap bay bon jan travay pou vwazen nou yo epi ranfòse ekonomi nou an."

Majistra Rochester, Malik Evans, te deklare, "Akseleratè Luminare NY la bay vil nou an yon gwo bourad ekonomik epi li elaji rezo inovatè revoolisyonè ki deja dans nan Rochester a nan optik, fotonik ak imajri. Nou kontan anpil pou nou òganize Luminare Finals la epi akeyi Lidrotec ak tout kè nou nan rejyon an. Felisitasyon a tout ganyan yo epi mèsè a Gouvènè Hochul ak Inisyativ Finger Lakes Forward la paske yo fè investisman enpòtan sa yo ki benefisye sitwayen nou yo."

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Luminare NY, vizite: <https://luminare.org/>.

Pou plis enfòmasyon sou NextCorps, vizite: <https://nextcorps.org/>.

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NEW YORK", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418